

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Metode panalungtikan nya éta cara ilmiah pikeun nyangking data kalayan miboga tujuan jeung mangpaat anu tangtu (Sugiyono, 2012, kc. 2). Metode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta métode panalungtikan nu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan objék alamiah. Hasil panalungtikanana leuwih nekenkeun ma'na tibatan generalisasi. (Sugiono, 2010, kc. 8)


Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif nurutkeun Bogdan jeung Taylor (dina Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 21), nya éta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif, mangrupa kekecapan anu ditulis atawa sacara lisan mangrupa omongan ti jalma-jalma jeung paripolah anu bisa ditempo jeung ditalungtik. Nurutkeun Basrowi jeung Suwandi (2008, kc. 187), pamarekan kualitatif téh bisa nyangking pamahaman jeung panafsiran anu nyosok jero ngeunaan ma'na, kanyataan, jeung fakta anu relevan. Moleong nétélakeun yén panalungtikan kualitatif sipatna déskriptif, data anu dikumpulkeun leuwih loba mangrupa kecap-kecap atawa gambar dibandingkeun jeung angka-angka (Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 187).

Saluyu jeung metode anu digunakeun, ieu panalungtikan miboga udagan nya éta: 1) pikeun ngadéskripsikeun prak-prakan dina Tradisi Ngikis di Désa Karangamulyan Kabupatén Ciamis, 2) maluruh unsur semiotik dina ieu tradisi nya éta ikon, indéks, jeung simbol ngagunakeun tiori Charles Sanders Peirce, jeung 3) ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain nya éta rarancang. Desain panalungtikan nya éta rarancang kagiatan ti saméméh panalungtikan, prakna panalungtikan, ngolah data sarta nyusun laporan panalungtikan. Desain panalungtikan dibagankeun dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Partisipan jeung Tempat Panalungtikan

3.2.1 Partisipan

Partisipan bisa disebut ogé sumber data. Sumber data nya éta subjék ti mana éta data dicangking. Sumber data kabagi jadi tilu rupa, nya éta jalma, tempat, jeung kertas atawa dokumén (Arikunto, 2010, kc. 172).

Lofland jeung Loflan (dina Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 169) nétélakeun yén sumber data utama dina panalungtikan kualitatif nya éta kecap-kecap jeung paripolah, saleuwihna mah data tambahan saperti dokumén jeung sajabana. Kecap-kecap jeung paripolah jalma-jalma anu ditalungtik atawa diwawancara mangrupa data anu utama. Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

- a. Sesepeuh atawa kuncén Karangkamulyan anu leuwih apal kana Tradisi Ngikis di Karangkamulyan.
- b. Aparat Désa Karangkamulyan pikeun nyangking data ngeunaan kaayaan di Désa Karangkamulyan.
- c. Masarakat di Désa Karangkamulyan, Kecamatan Cijeungjing, Kabupatén Ciamis, nu apal kana Tradisi Ngikis.
- d. Aparat pamaréntahan dinas pariwisata Kabupatén Ciamis anu apal kana Tradisi Ngikis di Karangkamulyan.

Format data informan anu diasongkeun waktu lumangsungna kagiatan wawancara nya éta:

Tabél 3.1
Format Data Informan

1. Wasta	:
2. Jenis Kelamin	:
3. Yuswa	:
4. Alamat	:
5. Pakasaban	:
6. Atikan	:
7. Kalungguhan	:

3.2.2 Tempat Panalungtikan


Lokasi anu dijadikeun tempat panalungtikan pikeun nyangking data ngeunaan Tradisi Ngikis téh, pernahna di Désa Karangkamulyan, Kecamatan Cijeungjing, Kabupatén Ciamis, Provinsi Jawa Barat, Indonésia. Désa Karangkamulyan mangrupa salah sahiji désa tina sabelas désa nu aya di wilayah Kecamatan Cijeungjing, pernahna tujuh kilometer ti ibu kota Kecamatan Cijeungjing Kabupatén Ciamis. Kantor Désa Karangkamulyan pernahna di Jalan Raya Ciamis-Banjar Nomor 804, Karangkamulyan.

Lega ieu désa téh kira-kira 481,25 Ha. Anu di jerona aya padumukan legana 195,5 Ha. pasawahan 29 Ha. kebon anu jadi tempat panglegana di ieu desa nya éta 120,153 Ha, sesana mangrupa kuburan, pakarangan, kantor, jeung prasarana umum séjénna. Wates Désa Karangkamulyan téh di beulah wétan walungan Citanduy jeung Cimuntur, beulah kulon Désa Bojongmanggér, di beulah kalér Désa Kepel, jeung di beulah kidul Désa Cibeureum.

Sacara administratif Désa Karangkamulyan téh ngawengku opat dusun, nyaéta Dusun Karangkamulyan, Dusun Cibéka, Dusun Sumur Bandung, jeung Dusun Kedungcaung. Désa Karangkamulyan kabagi jadi 12 RW jeung 37 RT. Salian ti éta, jumlah warga di Désa Karangkamulyan nyaéta 3.718 urang tina 1.239 kuren, anu jumlah lalaki 1.883 urang sedengkeun awéwé aya 1.885 urang.

Pakasaban masarakat Désa Karangkamulyan téh leuwih loba anu jadi buruh tani nyaéta 400 urang, patani nya éta 343 urang, tukang dagang 66 urang, nu miara ingon-ingon 121 urang, pengrajin aya 96 urang, sésana aya nu jadi PNS, pensiunan, perangkat désa, tukang ngaput, buruh industri, tukang kai, jeung nu séjénna.

Sakabéh masarakat Désa Karangkamulyan téh ngagem agama Islam. Ku kituna, loba fasilitas umum anu ngarojong pikeun ngalaksanakeun ibadah. Di ieu désa jumlah masjidna aya 11, musola aya 9, jeung langgar aya 5. (Data 27 Oktober 2014).



Gambar 3.1

Peta lokasi désa Karangkamulyan

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumen Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nya éta cara atawa alat anu digunakeun ku nu nalungtik dina ngumpulkeun data, sangkan pagawéanana leuwih hadé jeung datana leuwih gampang diolah, dina harti bisa leuwih gancang, lengkep, jeung sistematis (Arikunto 1997, kc. 136).

Sukardi (2011, kc. 121) nétélakeun yén instrumén panalungtikan téh alat atawa pakakas pikeun ngumpulkeun data lapangan. Instrumén nu alus nya éta alat anu mampuh nyangking informasi boh tina objék boh tina subjék panalungtikan.

Instrumén nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) *Handphone* digunakeun dina prosés wawancara pikeun ngalakukeun sadap-rékam ka narasumber.
- 2) Kaméra digital digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun hal-hal anu aya pakuat-pakaitna jeung ieu panalungtikan sacara visual saperti potu atawa gambar, atawa sacara audio-visual saperti *video* dina Tradisi Ngikis atawa waktu wawancara.
- 3) Pedoman wawancara, digunakeun pikeun nungtun panalungtik dina prosés wawancara, ogé pikeun museurkeun patalékan-patalékan anu penting, anu bisa dijadikeun data dina panalungtikan. Pedoman wawancara gé bisa ngaéféktifkeun waktu dina prosés wawancara. Format wawancara anu digunakeun dina prosés wawancara waktu panalungtikan ditataan saperti di handap.

Tabel 3.2
Pedoman Wawancara

Rumusan	Patalékan dina wangun <i>pernyataan</i>
(1)	(2)
Sajarah	1. Sajarah ayana Tradisi Ngikis di Désa Karangkamulyan nepi ka ayeuna.
	2. Waktu mimiti ngalaksanakeun Tradisi Ngikis.
	3. Asal-usul ngaran Tradisi Ngikis.
	4. Udagan dina nyiptakeun Tradisi Ngikis
	5. Kaayaan Tradisi Ngikis jaman kiwari
Prak-prakan	6. Ritual
	7. Du'a atawa mantra
	8. Lalaguan
	9. Prosési atawa upacara adat
	10. Jalma anu ngaganti pager awi/ngecét pager
	11. Ngayunkeun kujang
	12. Udagan dahar tumpeng babarengan
	13. Kasenian
Pakakas	14. Pakakas nu dipaké baheula jeung kiwari
	15. Pungsi pakakas
	16. Pakéan jalma-jalma anu ilubiung
	17. Kadaharan
Unsur semiotika	18. Ikon, indéks jeung simbol
Cara ngamumulé	19. Cara nanjeurkeun jeung ngamumulé Tradisi Ngikis

3.3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik talaah pustaka, téhnik obsérvasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokuméntasi.

1) Téhnik Talaah Pustaka

Téhnik talaah pustaka nya éta téhnik ngumpulkeun bahan-bahan tulisan pikeun nyangking sarta néangan tiori-tiori anu saluyu jeung objék anu ditalungtik.

2) Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérvasi nya éta téhnik niténan objék nu ditalungtik, pikeun nyangking data atawa gambaran objék nu ditalungtik éta. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 199), observasi atawa pengamatan téh mangrupa prosés niténan anu museurkeun panitén kana hiji objék ngagunakeun kabéh alat indera. Observasi dilakukeun sacara langsung, bisa ngaliwatan tes, kuesioner, rékaman gambar, jeung rekaman sora.

3) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik nu digunakeun pikeun nyangking informasi lisan ti narasumber. Luyu jeung pamadegan Keraf (1979, kc. 161) yén wawancara nya éta hiji cara nu digunakeun pikeun nyangking data ku cara méré patalékan-patalékan sacara langsung ka masarakat atawa *audiens* anu tangtu.

4) Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nya éta téhnik pikeun nyangking informasi ngaliwatan lisan, tulisan, jeung gambar (foto) anu bisa dicangking ngaliwatan média elektronik kayaning *handphone*, kamera digital, kamera SLR jeung sajabana. Hasil dokuméntasi téh bisa dijadikeun referensi sarta bukti yén panalungtikan geus dilaksanakeun.

3.4 Analisis Data

Nganalisis data atawa ngolah data dilakukeun sanggeus panalungtik meunangkeun data-data ngeunaan Tradisi Ngikis di Désa Karangamulyan Kabupatén Ciamis sacara lengkep. Aya sababaraha tahapan ngolah data sanggeus data kakumpulkeun, di antarana:

- 1) Milih jeung milah data anu saluyu jeung naon anu ditalungtik.
- 2) Mariksa data nu rék diolah.
- 3) Data nu geus bener téh didéskripsikeun saluyu jeung udagan panalungtikan.
- 4) Nganalisis unsur semiotika (ikon, indéks, jeung simbol) dina Tradisi Ngikis ku tiori Charles Sanders Pierce.

- 5) Ngalarapkeun kana bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII, jeung
- 6) Nyieun kacindekkan tina déskripsi jeung hasil nganalisis unsur sémiotik dina Tradisi Ngikis di Désa Karangkamulyan Kabupatén Ciamis.